


### 3.2 Desain Panalungtikan



### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Aya dua téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data.

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data digunakeun sababaraha téhnik ngumpulkeun data, di antarana nya éta téhnik talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokumentasi.

Tiya Komalasari, 2013

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- 1) Téhnik telaah pustaka (sumber tinulis), nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung ieu skripsi.
- 2) Tehnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha sajarah, kamekaran, fungsi, sarta prak-prakanana kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana téh.
- 3) Téhnik wawancara dimaksudkeun pikeun nyangking data langsung ti informan nu apal kana penca silat sangkan data-data nu kacangking bener-bener akurat. Ieu téhnik téh salah sahiji bagéan anu penting dina unggal survey. Ieu hal téh geus diécéskeun Moléong 2009:186) nya éta:

*“Wawancara adalah percakapan dengan maksud tertentu. Percakapan itu dilakukan oleh dua pihak yang mengajukan pertanyaan, yaitu pewawancara (interviewer) yang mengajukan pertanyaan dan pewawancara (interviewee) yang memberikan jawaban atas pertanyaan itu”.*

- 4) Téhnik dokumentasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon wae nu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir.

### 3.3.2 Téhnik Analisis Data

Sakabéh data tina hasil obsérvasi jeung wawancara satuluyna dikumpulkeun sarta dipasing-pasing pikeun kapentingan panalungtikan. Data anu dianggap ngarojong satuluyna dianalisis dumasar métode panalungtikan nu digunakeun.

### 3.4 Wangenan Operasional

Aya sababaraha istilah anu perlu dijéntrékeun nu aya patalina jeung panalungtikan sangkan engkéna henteu nimbulkeun salah tafsir.

Judul ieu panalungtikan nya éta *Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kacamatan*

Tiya Komalasari, 2013

AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT

CAKAR KUMBANG KENCANA

DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG

KACAMATAN PARONGPONG

KABUPATÉN BANDUNG BARAT

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

*Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII. Dina éta judul dipedar wangenan operasionalna.*

- 1) Ajén nya éta nilai atawa harga.
- 2) Éstétika nya éta cabang tina elmu filsafat nu ngabahas ngeunaan kaéndahan jeung tanggapan manusa kana éta kaéndahan.
- 3) Kasenian mangrupa salah sahiji pakakas seni tina tujuh unsur budaya universal nya éta basa, sistem pangaweruh, organisasi sosial, sistem teknologi, sistem pakasaban, jeung sistem kapercayaan, kasenian.
- 4) Kampung Nyingkir nya éta tempat diayakeun panalungtikan nu pernahna aya di kabupatén Bandung Barat.
- 5) Penca nya éta gerakan bela diri anu miboga irama éndah tapi berstruktur. biasana dipintonkeun di tempat umum. Silat bisa waé asal kecap tina sila anu hartina watek, ahlak, atawa sipat (karakteristik). Misalna dina kecap susila jeung pancasila, miboga kakaitan jeung watek ahlak, sipat. Susila nu hartina watek atawa ahlak anu hade. Pancasila nya éta lima watek, sipat atawa karakteristik bangsa Indonésia. Jadi ma'na kecap penca, silat, ilat jeung sila miboga ajén-ajen penca silat, nya eta ajén étis, teknis, éstétis, jeung atletis sagemblengna.
- 6) Pangajaran maca nya éta kagiatan diajar-ngajar nu ngagunakeun media bacaan.

### **3.5 Lokasi jeung Subjek Panalungtikan**

Anapon anu jadi lokasi data jeung subjek panalungtikan nya éta:

#### **3.5.1 Lokasi**

Tiya Komalasari, 2013

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Ieu lokasi panalungtikan pernahna di Kampung Nyingkir RW. 02, RT. 01 Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat. Sacara topografis Kampung Nyingkir kaasup daerah dataran luhur. Suhu alamna Kampung Nyingkir aya dina kaayaan tiis jeung gede angin. Alamna masih keneh asri teu kapangaruhan ku polusi industri, jeung lega daerahna  $\pm$  357 hektar. Kampung Nyingkir Désa Cihideung miboga watas wilayah nya éta di kulon watesna jeung Désa Cigugur, di kidul watesna jeung Désa Ciwaruga jeung kota Bandung, di wetan watesna jeung Lembang, jeung di kaler watesna Sukawana.

Nurutkeun data nu aya di Désa Cihideung taun 2011, jumlah pendudukna nya éta 2.820 urang, nu lalaki aya 1.366 urang, awéwé aya 1.446 urang, tina jumlah penduduk anu sakitu kabagi kana 900 kepala keluarga (KK). Wincikan jumlah penduduk dumasar kana klasifikasi umur bisa katitén dina profil Désa Cihideung.

Pakasaban masarakat Kampung Nyingkir lolobana nya éta patani kembang, nu ngingu ingon-ingon, PNS, buruh pabrik, wiraswasta, jeung karyawan Banks aalian ti éta, masarakat Kampung Nyingkir Désa Cihideung mangrupa masarakat agraris tradisional lantaran daerahna mangrupa daerah “perkebunan”.

Atikan anu dilakonan ku masarakat Kampung Nyingkir Désa Cihideung nya éta: SD, SMP, SMA, nepi ka paguron luhur ogé dihontal. Agama jeung kapercayaan masarakat Kampung Nyingkir Désa Cihideung umumna ngagem agama Islam. Basa nu digunakeun dina hirup kumbuhna sapopoé di Kampung Nyingkir lolobana ngagunakeun basa Sunda. salian ti éta aya oge anu ngagunakeun basa nasional (Indonésia).

### **3.5.2 Subjek panalungtikan**

Nu jadi subjek panalungtikan nya éta Kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir RW. 02, RT. 01 Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat.

Penca silat Cakar Kumbang Kencana miboga salapan murid jeung saurang Guru, penca silat Cakar Kumbang Kencana miboga lima jurus Syahbandar Ka

**Tiya Komalasari, 2013**

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

lima jurus Syahbandar nya éta: jurus tunggal, jurus gabungan, jurus rasa, jurus “pernapasan”, jurus inti kakuatan/ tanaga, jeung jurus étika Syahbandar. Ieu jurus disebut ogé angkat jungjung nu ngaliwatan dua puteran nya éta “sentrifugal” maksudna nu ngakibatkeun puteran naek ka luhur saperti muihna angin sedengkeun “sentripétal” nya éta gerakan nu ngalabuhkeun lawan ka handap saperti muihna cai.

### 3.6 Instrumén Panalungtikan

Kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku instrumén nu digunakeun. Anu dimaksud instrumén panalungtikan téh sakabéh alat atawa cara nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta: MP4, kamera digital, jeung pedoman wawancara.

1) MP4

MP4 digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara.

2) Kaméra Digital

Kaméra Digital digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar dina prak-prakan magelarkeun Kasenian Penca Silat.

3) Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun patokan, nu mangrupa daptar patalékan nu patali jeung masalah panalungtikan. Runtuyan wawancara nu kasampak ngan saukur gurat badag tina patalékan di lapangan. Di lapangan mah bisa leuwih ngalegaan. Pikeun nyiptakeun suasana anu leuwih lugina, patalékan-patalékan téh henteu tuluy-tuluyan merekpek, ngabébéak, tapi awor ngahiji dina obrolan nu hampang.

Tiya Komalasari, 2013

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

**Tabél 3.1**

Daftar Informan	
No	:
Wasta	:
Umur	:
Pakasaban	:
Atikan	:
Alamat	:
Kalungguhan	:

**Tabél 3.2**

No.	Pedoman wawancara
1)	Iraha ngadegna padepokan penca silat Cakar Kumbang Kencana?
2)	Saha nu ngadegkeunana?
3)	Naon kasang tukang ngadegkeunana padepokan penca silat Cakar Kumbang Kencana?
4)	Naha kasenian penca silat di Kampung Nyingkir ieu bét dingaranan Cakar Kumbang Kencana?
5)	Naon waé kagiatanana?
6)	Gerakan naon waé nu dipaké?
7)	Persiapan naon waé nalika badé midangkeun?
8)	Raksukan jeung waditra naon/nu kumaha nu dipaké nalika midangkeun kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana?
9)	Nu kumaha kriteria anggota padepokan penca silat Cakar Kumbang Kencana?
10)	Kumaha pangrojongna ti para sepuhna?

Tiya Komalasari, 2013

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

11)	Dina ngalatih di padepokan penca silat Cakar Kumbang Kencana téh naha resep atanapi aya hal-hal anu béda?
12)	Aya pangaruhna teu kana yuswa dina latihan penca silat Cakar Kumbang Kencana?
13)	Kinten-kinten saminggon sabaraha kali latihan?
14)	kunaon bet raksukan téh kedah waé hideung?
15)	Leres ieu téh penca silat buhun?
16)	Naha ngalaman parobahan atawa henteu ieu kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana téh?
17)	Naon waé waditra anu dipaké dina mirig ieu kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana?
18)	Saacan prungna ieu kasenian penca silat Cakar Kumbang kencana biasana sok aya persiapan husus atawa henteu? Saupama aya persiapan husus tina segi naon biasana?
19)	Upami badé latihan sok aya sasajén teu?
20)	Naon udagan Bapa (pelatih)/pengurus/murangkalih kana ieu kasenian penca silat?
21)	Saupama ieu dijantenkeun bahan atawa model pangajaran kinten-kinten satuju atanapi henteu?
22)	Unsur seni naon waé nu aya dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana?
23)	Dina prak-prakan kasenian penca silat Cakar Kumbang sok aya husus jurus naon waé?
24)	Biasana sok aya sabaraha wanda?
25)	Dina penca silat buhun aya kembangna henteu?
26)	Upami badé adu lawan aya sarat atanapi henteu, biasana kedah sabaraha jalmi?

**Tiya Komalasari, 2013**

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

27)	Tingkatan naon dina penca silat anu ngajarkeun ngagunakeun pakarang?ss
28)	Tina waditra, biasa nu sok dipaké jinis waditra nu kumaha?
29)	Naha kedah aya sinden atanapi henteu?
30)	Kinten-kinten jurus jeung gerakan nu kumaha nu cocog dipaké ku murangkalih sakola?
31)	Biasana sok aya kidung atanapi henteu nalika prak-prakan mintonkeun?
32)	Kedah nganggé iket atanapi henteu ?
33)	Biasana sok aya ungkara ieu budak geus dieusian. Maksudna kumaha perkawis éta?
34)	Aya beubeur nu sok dipaké, maksud beubeur nu dipaké numutkeun tingkatan atanapi henteu?

### 3.7 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Gurat badag panalungtikan nu dilakonan kabagi kana sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: tatahar, ngumpulkeun data, jeung nyusun laporan.

#### 3.7.1 Tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) néangan katerangan ngeunaan masalah anu rék ditalungtik,
- 2) ngajukeun judul panalungtikan,
- 3) nyusun rancangan (proposal panalungtikan), sarta
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

#### 3.7.2 Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta:

Tiya Komalasari, 2013

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu



- 1) macaan buku-buku sumber ngeunaan ajén éstétis, penca silat, jeung buku-buku penunjang séjénna pikeun bahan acuan;
- 2) obsérvasi ka lapangan,
- 3) wawancara ka narasumber,
- 4) ngumpulkeun data, sarta
- 5) konsultasi jeung dosén pangaping.

### 3.7.3 Nganalisis Data

Kegiatan nu dilaksanakeun ngawengku:

- 1) mariksa jeung ngaidéntifikasi data nu geus kakumpul,
- 2) nganalisis data,
- 3) nyieun kacindekan analisis, sarta
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

### 3.7.4 Nyusun Laporan

Nyusun laporan mangrupa tahap anu pamungkas tina tahapan panalungtikan. Dina ieu laporan sagala hasil panalungtikan dipidangkeun. Laporan di dieu mangrupa wangun skripsi.

Anapon sistematika dina nyusun laporan, nya éta:

- 1) Bab I Bubuka;
- 2) Bab II Éstétika, Penca Silat, jeung Bahan Pangajaran;
- 3) Bab III Métodologi Panalungtikan;
- 4) Bab IV Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII;
- 5) Bab V Kacindekan jeung Saran.

**Tiya Komalasari, 2013**

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [Repository.upi.edu](http://Repository.upi.edu) | [Perpustakaan.upi.edu](http://Perpustakaan.upi.edu)



**Tiya Komalasari, 2013**

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATÁN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [Repository.upi.edu](http://Repository.upi.edu) | [Perpustakaan.upi.edu](http://Perpustakaan.upi.edu)